



Fich Enfòmasyon #10

Dwa Doleyans ak Rezilyasyon Rezidan

Apre yon konvèsyon RAD, si ou gen yon litij avèk administratè oswa mèt pwopriyete a, ou pral kontinye kapab mande yon odyans pou rezoud yon litij epi nan pi fò ka yo, ou dwe resevwa preavi ekri si lwaye w la pral rezilye.

Kisa ki Pwosesis Doleans la?

Yon **dole yans se** nenpòt litij ou ka genyen avèk PHA konsènan yon aksyon ki enplike lwaye w la, oswa lòt aksyon PHA ou kwè ki afekte w negativman. **Pwosesis doleyans** la enplike **Dwa pwosédiral yo** oswa etap mèt pwopriyete a dwe swiv lè l ap poze aksyon espesifik ki ka gen yon efè negatif sou ou. Etap sa yo etabli pou ou menm ak PHA a swiv pou rezoud litij yo.

Kijan RAD pral afekte pwosesis doleyans lan?

Pwogram RAD la konsève dispozisyon sanblab ki disponib yo nan zafè doleyans ak rezilyasyon lwaye nan kad pwosesis lojman publik la (dapre Seksyon 9 Lwa 1937 sou Lojman an1937). Avi [Aplikasyon Definitif RAD la \(Revizyon 4\)](#) detaye dwa rezidan yo konsènan pwosesis doleyans lan.

Kit pwopriyete w la fè pati pwogram lojman publik la, kit li te konvèti an Seksyon 8 atravè RAD la, ou pral resevwa yon avi ekri sou rezon ki jistifye yon aksyon. Avi a dwe di w tou kijan pou mande yon odyans kote ou ka prezante rezon ki fè ou panse aksyon an pa bon.

Si pwopryete w la konvèti nan kad RAD, ou pral toujou gen dwa pou resevwa yon odyans san patipri ak yon desizyon ekri nan yon delè rezonab, jis tankou nan kad lojman publik la. PHA dwe respekte desizyon odyans sou doleyans lan sof si li notifye w ke:

- Odyans sou doleyans lan te trete kesyon ki pa nan pouwwa ofisyel odyans lan oswa ofisyel odyans lan te pwopoze yon solisyon ki pa nan pouwwa l; oswa
- Oswa desizyon ofisyel odyans lan an konfli avèk lwa oswa règleman HUD yo.

Mande oswa patisipe nan yon odyans pa afekte dwa w pou pote ka w la nan jijman si w panse litij la pa t regle kòrèteman



E si Mwen Resevwa yon Avi Rezilyasyon?

Menm jan ak lojman publik, nan kad RAD, mèt pwopriyete a kapab sèlman **rezilye kontra lwave w la** oswa pa renouvel lwave w la si li respekte sèten pwosedi epi **si li gen yon motif**. Yon pwopriyetè gen motif si ou gravman oswa plizyè fwa vyole tèm lwave w la, san blyie:

- Pa fè peman ou dwe nan kad kontra lwave a, tankou peman lwave oswa sèvis publik;
- Pa swiv règ ki nan kontra lwave a, tankou kenbe inite w la pwòp ak an sekirite;
- Enplikasyon nan aktivite kriminèl oswa abi alkòl, tou depan de serye aktivite a; oswa
- Fè fo deklarasyon nan aplikasyon inisyal ou oswa pandan resètifikasyon anyèl ou, pa egzanp konsènan revni w oswa gwosè fanmi w.

Pwopriyete konvèti yo dwe swiv règ PBV ak PBRA yo konsènan avi ak rezilyasyon sibvansyon lwave a. Jeneralman, ou dwe resevwa avi ekri adekwa konsènan rezilyasyon kontra lwave a:

- Omwen 14 jou pou lwave ki pa peye;
- Pa plis pase 30 jou si sante ak sekirite lòt lokatè yo menase;
- Pa plis pase 30 jou pou nenpòt aktivite ki gen rapò ak dwòg oswa krim vyolan;
- Pa plis pase 30 jou pou yon kondanasyon pou krim.



Portland, ME: Loring House.